Walnut Square Elementary
PWOGRAM ANVAN AK APRÈ LEKÒL
2025-2026

Boys and Girls Club

***Kontak: 978-374-6171 Ext.* 100 *oswa* frontdesk@haverhillbgc.org**

Pwogram apre lekòl la se pou laj 6-18. Klib la bay pwogram enteresan, anrichisman akademik, yon repa cho chak jou, anplwaye ankourajan, ak yon anviwònman akeyan ak an sekirite. Pitit ou a ap gen opòtinite pou patisipe nan anpil aktivite epi aprann nouvo ladrès chak jou.

Boys and Girls Kids Club

***Kontak: Cassandra Diaz 978-374-6171 Ext.* 107**

Boys & Girls Club of Greater Haverhill la ofri yon Pwogram Klib Timoun Aprè Lekòl pou timoun ki gen laj 5 a 10 an, nan klas jadendanfan rive nan 3yèm ane. Pwogram nan bay yon anviwònman ki an sekirite epi akeyan kote timoun yo ka jwi aktivite enteresan, anrichisman akademik, epi yon repa cho chak jou.

YMCA

***Kontak*: *Cathy Wolf, Senior Director of Childcare Services, nan 978-478-5009 oswa* wolfc@northshoreymca.org**

Pwogram anvan/apre lekòl la ofri yon anviwònman edikatif amizan ki ede elèv yo devlope konfyans nan tèt yo, amitye, valè pozitif, ak siksè akademik. Aktivite yo gen ladan aktivite STEAM, tan devwa, aktivite sosyal-emosyonèl/konstriksyon ekip, ak aktivite fizik/anrichisman. Timoun ki anrejistre yo resevwa vin manm Y gratis pou jèn yo. Yo ofri swen tou pandan vakans lekòl, jou nèj, ak mwatye jou. Link to flyer.

YWCA

***Kontak*: *Amy De Simone nan 978-374-6121 oswa* adesimone@ywcanema.org**

Nan YWCA a, nou ofri yon anviwònman ki an sekirite, anrichisan, epi amizan pandan tout ane a pou timoun ki gen laj 5 a 13 an, avèk pwogram ki fèt pou sipòte siksè akademik epi ede timoun yo vin pi angaje ak efikas nan aprann. Sèvis nou yo fonksyone apre lekòl pandan ane akademik la epi yo bay gadri tout jounen an pandan semèn vakans lekòl yo ak pandan ete a. Benefis pwogram nan gen ladan yon ti goute ki bon pou sante apre lekòl, ti goute nourisan nan maten ak nan apremidi pandan ete a ak vakans lekòl yo, transpò yon sèl ale soti nan lekòl pitit ou a rive nan sit YWCA a, èd ak devwa ak anrichisman akademik, ak aksè konplè a enstalasyon YWCA yo tankou pisin konplè nou an ak jimnazyòm nou an.

Pwogram	Orè	Pri	Sèvis Manje	Transpò
Boys & Girls Club 55 Emerson Street	**3:15 – 7:00 pm**	**$250 pou chak ane**	**Dine**	**Soti nan lekòl la - Otobis PM - Paran Vin Chèche**
Boys & Girls Kids Club (Nenpòt elèv HPS K-3) Walnut Square	**3:00 - 6:00pm**	**$25 pa jou, yo aksepte bon EEC**	**Dine**	**pou elèv ki pa nan Walnut Square, paran yo ka depoze yo PM - Paran Vin Chèche**
YMCA Pentucket Lake	**7:00 - 9:00 am 3:15 - 6:00 pm**	**Pri fleksib pou fanmi ki kalifye yo**	**Dine**	**AM - Paran Depoze PM - Paran Vin Chèche**
YWCA 107 Winter Street	**3:15 – 6:00 pm**	**Varye**	**Ti Goute**	**Soti nan lekòl la - Otobis PM - Paran Vin Chèche**